



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA A PRAL ELAJI REZO VAKSINASYON AN POU AJOUTE SIT KI FÈT POU SÈVI POPILASYON KI GEN 65 ANE AK PLIS

*Eta a pral fè patenarya avèk Depatman Sante lokal yo pou ajoute sit vaksinasyon espesyalman pou popilasyon ki gen 65+*

*Sit yo pral ofri sèvis transpò ak asistans*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta a pral fè patenarya avèk depatman sante lokal yo pou ajoute sit vaksinasyon pou popilasyon ki gen 65+ nan Eta New York. Sit sa yo pral gen patenarya avèk depatman sante lokal yo epi, kote sa nesèsè, pral bay asistans pou Nouyòkè avèk transpò pou ale ak soti nan etablisman vaksinasyon yo epi sipò espesyal pou dokiman konsènan vaksinasyon yo. Piske alokasyon vaksen Eta New York yo ogmante, etablisman ak randevou priyoritè pou 65+ sa yo pral posib gras ak apwovizyonman sipleman tè gouvènman federal la. Konte yo nan Eta New York pral jwenn plis apwovizyonman vaksen Moderna pou rezon sa a apati semèn k ap vini an.

"New York ap jwenn plis egwi toujou nan bra yo chak jou, kote konsantrasyon an se rezidan ki pi vilnerab nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou konnen Nouyòkè ki aje nou yo gen plis risk avèk COVID, epi sa enpòtan pou nou ba yo aksè ak vaksen an dirèkteman nan pwòp kominote yo, ansanm ak asistans yo bezwen pou pwograme epi ale ak soti nan randevou yo. Lè nou travay ansanm avèk depatman sante lokal nou yo pou etabli nouvo sit sa yo, nou pral ede asire pwosesis resepsyon vaksen an osi senp posib pou popilasyon 65+ la epi rapwoche objektif ekite ak jistis sosyal nou an atravè distribisyon vaksen an."

Se òganizatè oswa esponsò sit la ki pral founi detay sou sit yo, ki gen ladan lokal, dat ak lè ouvèti operasyon yo. Kòm rapèl, Nouyòkè ki elijib yo ap kapab pran randevou nan sit vaksinasyon an mas Eta a lè yo itilize sit entènèt 'Am I Eligible' (Èske Mwen Elijib) New York la oswa lè yo rele Liy Dirèk Vaksinasyon COVID-19 eta a nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829). New York te travay pou aplike yon seri amelyorasyon nan liy dirèk la pou amelyore plis pwosesis pran randevou a ak eksperyans granmoun aje yo, yon liy ki espesyalman pou Nouyòkè sa yo ki gen 75+ k ap ba yo aksè dirèk ak pèsònèl la ki kapab ede yo pran randevou oswa reponn kesyon yo.

Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout eta a.

Anplis de sa, New York te etabli plis pase 104 sit vaksinasyon 'tanporè' ki baze nan kominote a nan legliz yo, sant kominotè yo ak konplèks lojman piblik yo dirèkteman nan kominote yo toupatou nan eta a ki te defavorie pa sistèm swen sante tradisyonèl yo. Depi 15 janvyè, sit sa yo te pèmèt apeprè 45,000 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen COVID-19 pa yo nan sit tanporè sa yo ki baze nan kominote a. Aprè administrasyon premye dòz yo, yo re-etabli sit yo twa semèn pita pou administre dezyèm dòz yo.

New York pral kontinye etabli sit tanporè sa yo jiskaske yo mete yo nan tout 33 Devlopman Lojman pou Granmoun Aje NYCHA (NYCHA Senior Housing Developments) yo, ki loje plis pase 7,600 granmoun aje. Yo pral kontinye etabli tou lokal tanporè yo pral nan lòt konplèks lojman piblik yo nan tout Eta a, epitou nan plis pase 300 legliz ak sant kiltirèl ki ofri tèt yo volontèman pou loje sit sa yo atravè Gwoup Travay sou Ekite Vaksen (Vaccine Equity Task Force) Gouvènè Cuomo a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)